

**PANGAJARAN NALUNGTIK TEKS PERSUASI DUMASAR KANA STRUKTUR
KALAYAN NGAGUNAKEUN METODE PAIR CHECK KA SISWA KELAS VIII
SMPN 1 LIMBANGAN MANGRUPA UPAYA NGARONJATKEUN
KAMAMPUAN BERPIKIR KRITIS DINA TAUN AJARAN 2017/2018**

Ku

WITRI WIDIASTUTI

NIM 145030079

RINGKESAN

Panalungtikan nu judulna “Pangajaran Nalungtik Teks Persuasi Dumasar Kana Struktur Kalayan Ngagunakeun Metode Pair Check ka Siswa Kelas VIII SMPN 1 Limbangan mangrupa Upaya Ngaronjatkeun Kamampuan Berpikir Kritis dina Taun Ajaran 2017/2018” boga tujuan pikeun manggihan efektivitas metode pair check digunakeun dina pangajaran nalungtik teks persuasi. Masalah nu diajukeun pangarang dina ulikan ieu nyaeta (1) Gaduh atanapi henteu kaparigeulan pangarang ngarancang, ngalaksanakeun, jeung nganilai pangajaran nalungtik teks persuasi dumasar struktur ka kelas kontrol sareng kelas eksperimen? (2) Aya kabenteunan henteu kamampuan peserta didik tina nalungtik teks persuasi sateuacan dipasih parlakuan ka kelas kontrol sareng kelas eksperimen? (3) Aya kabenteunan henteu kamampuan peserta didik tina nalungtik teks persuasi saatos dipasih parlakuan ka kelas kontrol sareng kelas eksperimen? (4) Ngaronjat henteu hasil kamampuan berpikir kritis siswa saatos dipasih pangajaran nalungtik teks persuasi ngagunakeun metode pair check ka kelas kontrol sareng kelas eksperimen?. Aya oge hasil padika ieu nyaeta. (1) Pangarang bisa ngarancang, ngalaksanakeun, jeung nganilai pangajaran nalungtik teks persuasi dumasar kana struktur kalayan ngagunakeun metode pair check. Ieu bisa dibuktikeun tina hasil rata-rata parancangan sareng palaksanaan pangajaran nyaeta 3,6. (2) Ayana perbenteunan kamampuan peserta didik di kelas eksperimen sareng kelas control sateuacan dipasih pangajaran. Ieu bisa dibuktikeun tina hasil nilai rata-rata pretes kelas eksperimen nyaeta 33, pami kelas kontrol nilai rata-rata pretes nyaeta 16,04. (3) ayana perbenteunan kamampuan peserta didik di kelas eksperimen sareng kelas kontrol saatos dipasih pangajaran. Ieu bisa dibuktikeun tina hasil perhitungan signifikansi dina perbandingan t_{hitung} kelas eksperimen $>$ t_{hitung} kelas kontrol nyaeta $21,71 > 11,96$. Salian ti eta, ayana nilai rata-rata postes kelas eksperimen nyaeta 95,54, pami kelas kontrol nilai rata-rata pretes nyaeta 51,33. (4) Kamampuan berpikir kritis peserta didik ningkat saatos ngalaksanakeun pangajaran Ieu bisa dibuktikeun kalayan nilai rata-rata kamampuan berpikir kritis nyaeta 83,76.

*Konci : Pangajaran, nalungtik, teks persuasi, struktur, metode pair check,
kamampuan.*